

ADOLESAN AK KOKAYIN



Kesyon kouran yo. Repons ki senp.

KISA KOKAYINYE?

Kokayin se yon dwòg ki fèt avèk fèy plant koka, ki soti nan Amerik Disid. Yo itilize kokayin yon fason legal pou sèten rezon medikal, men dwòg kokayin lari a entèdi. Kokayin lari a sanble ak yon poud fen blan epi li ka melanje avèk lòt bagay — ki genyen ladan fentanyl — pou ogmante entansite l. Fentanyl se yon dwòg ki mòtèl. Kèk grenn senpleman ka lakoz lanmò.

KIJAN OU KA KONNEN SI KOKAYIN MELANJE AVÈK FENTANYL?

Sa difisil anpil. Fentanyl pa genyen okenn gou oswa odè. Moun yo pa reyalize si genyen fentanyl nan dwòg yo chwazi a jiskaske li vin twò ta. Bann pou tès Fentanyl la ka ede detèmine si yon dwòg genyen fentanyl ladan l. Bann pou tès Fentanyl yo disponib nan kad Pwogram Sèvis pou Sereng ak Konsèy Brandywine lan nan [lye kote nan tout eta a](#).

KIJAN ADOLESAN YO ITILIZE KOKAYIN?

Adolesan yo santi kokayin nan nen yo oswa yo fwote l sou jansiv yo. Eitou yo ka enjekte kokayin nan sikilasyon san an oswa yo ka fimen l — sa rele “freebasing (epirasyon).” Kristal kokayin nan, yo ka chofe l — sa rele “crack” — epi yo respire lafimen an.



KI EFÈ KOUTÈM AK EFÈ LONTÈM KI GENYEN LÈ YON MOUN ITILIZE KOKAYIN?

Koutèm

- Ale byen vit nan yon plezi ekstrèm
- Vijilans mantal
- Ipèsansiblite nan vizyon, son, ak touche
- Iritabilite ak anksyete
- Paranoya — pa fè lòt moun konfyans ditou san okenn rezon

Lontèm

- Pèt odè, nen senyen, nen k ap koule souvan, ak pwoblèm pou vale
- Tous, opresyon, detrès respiratwa, ak risk enfeksyon ki plis elve tankou nemoni
- Gwo pouriti nan entesten akòz rediksyon sikilasyon san an
- Risk ki plis elve pou trape VIH, epatit C, ak lòt maladi ki transpòte nan san, menm jan ak enfeksyon nan po oswa enfeksyon nan tisi moun yo; risk ki plis elve pou venn ki gen sikatris oswa ki plati
- Li akselere yon enfeksyon VIH
- Konpòtman sikotik posib ki karakterize pa paranoya, alisinasyon, pètibasyon nan imè, ak vyolans

ÈSKE ADOLESAN MWEN AN KA FÈ ÒVÈDÒZ AVÈK KOKAYIN, EPI ÈSKE GENYEN YON TRETMAN?

Wi, kapab genyen lanmò pandan premye itilizasyon kokayin nan oswa yon lòt moman yon fason enprevi. Lè yon moun melanje alkòl oswa lòt dwòg avèk kokayin sa ka mòtèl. Pa genyen okenn medikaman ki ka defèt yon òvèdòz kokayin. Òvèdòz kokayin nan ka mennen estwòk, kriz kadyak, oswa kriz.

KOUNYEYA MWEN KONNEN REYALITE YO — KISA KI VINI APRESA?

Ou ka vizite talk2kidsaboutdrugs.com pou jwenn enfòmasyon ou ka fè konfyans, enfòmasyon ki konkrè pou paran ak edikatè yo.